

NÒT POU LAPRÈS: YON APÈL POU JWENN LIDE SOU DEVLÒPMAN AYITI

Dat: 19 septanm 2016

Re: Inisyativ pou *Konkou Lide Devlopman Ayiti* ap chèche kontribisyon Dyaspora a

Kontak: dc@naahpusa.org

Alyans Nasyonal pou Avansman Pwofesyonèl Ayisyen (ANAPA, oubyen NAAHP an anglè) pran plezi pou li anonse lansman *Inisyativ Konkou Lide Devlopman nan Dyaspora* a (DCI an anglè), an kolaborasyon ak twa lòt òganizasyon: Fondasyon EDEM, GRAHN-USA, ak Sosyete pou Rechèch Ayisyèn. Inisyativ sa a, ki finanse gras a Ajans Ameriken pou Devlopman Entènasyonal (USAID an anglè), rantre anba yon pi gwo pwogram yo rele *Ankouraje Itilizasyon pi Efikas Investisman Dirèk* (an anglè: Leveraging Effective Application of Direct Investments /LEAD). Pwogram LEAD la te kreye gras a Fondasyon Panamerikèn Devlopman (PADF). Inisyativ DCI sa a la pou ankouraje manm Dyaspora k ap chèche mwayen pou kontribiye a devlopman peyi Ayiti, vini ak lide ki kapab ede nan travay devlopman sa a. Lide ki pi bon yo pral prezante nan yon gwo konferans ki prevwa nan fen janvyè 2017 – dat eksak ak kote konferans lan ap fèt, ap anonse pi devan.

Dr. Ludovic Comeau, ki se yon pwofesè ekonomi e prezidan GRAHN-USA, eksplike:

“Wòl fondamantal Dyaspora a nan devlopman Ayiti byen etabli. Pami anpil lòt kontribisyon, Ayisyen k ap viv an deyò Ayiti ajoute prèske 2 milya dola nan ekonomi peyi a. Men pi fò nan transfè lajan sa yo ale nan konsomasyon. Lè n ap gade gwo defi sosyo-ekonomik k ap afekte lavi pèp ayisyen an, sa mete yon gwo responsabilite sou do Dyaspora a pou li gade kijan li ka enfliyanse lavni peyi Ayiti plis nan sans pwodiksyon, olye nan sans konsomasyon. Inisyativ Konkou Lide Devlopman nan Dyaspora a (DCI) ka ede Dyaspora a oryante plis nan sans modèl devlopman sa a”.

Pwogram LEAD la ap ankouraje investisman prive nan antrepriz ti dimansyon ak antrepriz dimansyon mwayèn an Ayiti. Inisyativ sa a pral kontinye travay sou rezilta sa yo pou atire Dyaspora a epi ogmante enpak li sou devlopman peyi a.

Nadia Cherrouk, ki se Chèf responsab pwogram LEAD la e Direktè nasyonal PADF an Ayiti, esplike: *“Gras a inisyativ sa a, PADF ap chèche angaje Dyaspora a pou sipòte devlopman Ayiti yon fason inovatif e ki ka kreye anpil enterè”.*

NAAHP ak òganizasyon patnè li yo envite manm Dyaspora a ak moun ki ta p viv nan Dyaspora a pou yo pwopoze lide devlopman yo nan Fòmilè ki sou sit wèb li a. Delè pou remèt fòmilè a se 12 desanm 2016. Yon panèl ekspè pral revize lide oubyen pwopozisyon yo, apati kritè ki nan

Fòmilè a – tankou dirabilite e kapasite pou lide a ogmante opòtinite ekonomik pou Ayisyen ki ap viv andewò Pòtoprens.

Panèl la ap seleksyone 10 meyè lide yo, e chak gayan yo ap resevwa yon prim ki gen ladan li tout frè vwayaj, lotèl ak lòt rekonpans, pou patisipe nan konferans janvye 2017 la. Y ap gen okazyon prezante lide yo nan konferans la, e rankontre reprezantan òganizasyon donatè lokal, rejyonal oubyen entènasyonal. Oganizasyon sa yo k ap soti nan sektè piblik oubyen prive, kapab ede pwomouvwa oubyen reyalize lide ki loreya yo.

Inisyativ Konkou Lide Devlopman nan Dyaspora a lanse ofisyèlman nan dat 19 septanm 2016. Moun ki enterese pwopoze yon lide devlopman ka jwenn Fòmilè Patipasyon an, ansanm ak lòt kalite resous pou ede yo fè pwopozisyon yo a, nan <http://dci.naahpusa.org/>.

Nòt sou NAAHP: NAAHP se yon òganizasyon 501(c)3 ki pa travay pou pwofi, ki te kreye gras a yon gwoup divès ekspè pwogresis ki nan biznis, e tou gras a plizyè jèn lidè, pwofesè, pwofesyonèl ki sòti nan sektè piblik ak sektè ki pa travay pou pwofi, an Ayiti e nan Dyaspora a. NAAHP fyè tou pou li ankouraje angajman Dyaspora a nan efò sansibilizasyon pwojè filantwopik e pwojè antreprenarya sosyal ki gen rapò dirèk ak pwomosyon reyisit sosyal ak ekonomik Ayiti. NAAHP ap kolabore nan pwojè sa a ak Sosyete pou Rechèch Ayisyèn, ki baze nan Nouyòk; Fondasyon EDEM, ki baze nan Massachusetts; e GRAHN-USA, ki se branch ameriken think-tank Ayisyen entènasyonal yo rele GRAHN lan (Gwoup Refleksyon ak Aksyon pou Yon Ayiti Tou Nèf, www.grahn-monde.org).

Nòt sou PADF: PADF travay nan Amerik latin ak nan Karayib la pou kreye opòtinite ekonomik, fè pwogrè sosyal avanse, ranfòse sosyete sivil, e pou prepare tèt li pou reponn a dezaz natirèl ak kriz imanitè. An 2015, Fondasyon an te rive ede plis pase 17 milyon moun nan 22 peyi. www.padf.org.



naahpusa.org

conference.naahpusa.org

info@naahpusa.org

1.877.627.6247

P.O. Box 5096, Hillside, NJ 07205